

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 3) metode déskriptif nyaéta métode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun pasualan anu patali jeung kaayaan, kajadian jsb. Maksudna, ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur (téma, fakta carita, jeung sarana carita), sarta unsur alam nu nyangkaruk dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana ogé larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran.

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang kabéh hal jeung kagiatan nu dilakukeun ku panalungtik, sarta pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Kagiatan panalungtikan nu dilaksanakeun bisa kagambar dina bagian bagan saperti ieu di handap.

**Bagan 3.1**  
**Desain panalungtikan**



## 3.2 Data jeung Sumber Data

### 3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan mangrupa deskripsi analisis struktural nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita, katut papasingan unsur alam dumasar ruang lingkup ékologi sastra nu nyampak dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana, sarta larapan hasil panalungtikan kana bahan pangajaran.

### 3.2.2 Sumber Data


Sumber data dina panalungtikan mangrupa objék nu dipaké pikeun nyangking data. Sumber data ieu panalungtikan nya éta buku novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana nu diterbitkeun ku Mitra Kancana taun 1973, kandelna 46 kaca.

Sumber data séjénna nyaéta buku *Metodologi Penelitian Ékologi Sastra* karya prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum. nu diterbitkeun ku CAPS taun 2016, kandelna 260 kaca. Data lian nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan diantaranya buku sumber, artikel jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu aya patalina ngeunaan karya sastra wangun novel nu ngagunakeun pamarekan struktural jeung ékologi sastra. Anapon data dina ieu panalungtikan mangrupa unsur -unsur atawa kekecapan nu raket patalina jeung unsur alam.

#### 1) Idéntitas Novel

Judul	: Hujan di Girang Caah di Urang
Pangarang	: Min Resmana
Medal	1973
Pamedal	: Mitra Kancana
Kandel Buku	: 46 kaca
Warna Jilid	: Biru, Bodas

**Gambar 3.1**  
**Jilid Novelét Hujan di Girang Caah di Urang**



## 2) Biografi Singget Pangarang

Min Resmana lahir di Banjaran taun 1941, anjeunna salaku pangarang anu produktif dina sastra Sunda. Min Resmana loba nulis karya sastra pikeun barudak, karya-karyana dimuat dina majalah *Manglé*, *Sipatahoenan*, jeung *Wangsit*. Aya ogé sababaraha karya nu geus dibukukeun, nyaéta, *Neangan Bapa* (1965), *Imah nu Réa Kamarna* (1966), jeung *Si Kabayan Tapa* (1971). Salian ti ngarang dina basa Sunda, Min Resmana ogé ngarang dina basa Indonesia. Upama dijumlahkeun, hasil karya Min Resmana téh leuwih ti 20 buku.

## 3.3 Téhnik Panalungtikan

### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa salasihiji léngkah nu kudu dilakukeun dina ngalaksanakeun panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 136). Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Nyangking data tina hasil maca, nalaah, jeung ngaidéntifikasi sumber data anu patali jeung ieu panalungtikan utamana ngeunaan ékologi sastra.

Anapon léngkah dina ngumpulkeun datana, nyaéta:

- a. maca buku-buku nu patali jeung strukturalisme, ékologi sastra, jeung bahan pangajaran;
- b. nangtukeun sumber data, novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana;

- c. maca sagemblengna novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada kabéh data kakumpul, léngkah nu satuluyna nyaéta ngolah data. Téhnik nu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur anu dianalisis mangrupa struktur (téma, fakta carita, sarana carita) papasingan unsur alam dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana, sarta larapan hasil panalungtikan kana bahan pangajaran.

#### 1) Téhnik Analisis Struktural

Dina nganalisis data, kagiatan nu mimiti nyaéta nganalisis struktur novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana ngagunakeun téori Robert Stanton. Anapon nu dianalisisna nyaéta:

- a) téma Carita;
- b) maluruh fakta Carita nu ngawengku latar, galur, palaku jeung watek palaku; sarta
- c) sarana Carita nu ngawengku judul, puseur implengan jeung gaya basa.

#### 2) Téhnik Analisis Unsur Alam (ékologi sastra)

Nu jadi dadasar dina ieu analisis nyaéta tiori anu patali jeung ékologi sastra. Nganalisis unsur alam dumasar kana ruang lingkup ékologi sastra nu ngawengku sababaraha pasualan saperti *pencemaran* (polusi), leuweung geledegan, bencana, perumahan atawa padumukan, sato, bumi (alam dunya), jeung tutuwuhan (Garrad, 2004).

Aya tilu hal anu dianalisis patali jeung kajian ékologi sastra dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana nyaéta:

- a) papasingan unsur alam dumasar ruang lingkup ékologi sastra;
- b) patalina tokoh jeung lingkungan; jeung
- c) patalina latar jeung lingkungan (latar ékologi).

#### 3) Téhnik Analisis Bahan Pangajaran

Sabada analisis struktural jeung ékologi sastra, kagiatan anu pamungkas dina ieu panalungtikan nyaéta analisis bahan pangajaran maca novel pikeun murid kelas XI SMA. Tina hasil maluruh struktur jeung ékologi sastra dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang*, tuluy hasilna dianalisis deui, saluyu heunteuna

jeung kritéria milih bahan ajar. Saupama saluyu, hartina ieu novelét bisa jadi bahan tinimbangan pangajaran.

Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data, nyaéta:

- a) ngadéskrripsikeun eusi novelét dina wangun ringkesan carita. Dina tahap déskriptif nyaéta sakabéh data nu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik;
- b) nyieun klasifikasi data nu geus didéskrripsikeun luyu jeung masalah séwang-séwangan. Sabada novel ditulis sinopsisna, diklasifikasikeun dumasar unsur caritana (téma carita, alur, palaku, jeung watek (penokohan), judul, tilikan pangarang, jeung gaya basa) anu engkéna baris dianalisis;
- c) ngayakeun analisis kana data anu geus diklasifikasi dumasar kelompokna séwang-séwangan dumasar téori anu luyu jeung panalungtikan. Dina ieu panalungtikan leuwih Nyoko kana unsur alam jeung patalina tokoh jeung latar anu engkéna jadi dadasar atawa bahan pikeun analisis ékologi sastra;
- d) napsirkeun hasil analisis data pikeun ngahontal tujuan panalungtikan;
- e) ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah nu pangbenerna nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial anu diperhatikeun (diamati) sacara taliti (Sugiyono, 2013). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun kabagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data.

#### **3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data**

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngumpulkeun data, nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber jeung kartu data. Buku-buku sumber dina ieu panalungtikan didata heula anu eusina ngarojong kana panalungtikan. Sabada didata, tuluy buku téh dibaca bari dipilih, buku mana nu saluyu sarta bakal digunakeun dina panalungtikan. Buku nu kapilih tuluy dicéklis dina tabel di handap.

**Tabél 3.1**  
**Tabél Cékliis Buku Sumber**

No	Idéntitas Buku	Kategori Buku
1.	Judul :	1. sastra
	Panulis :	2. Strukturalisme
	Taun medal :	3. Novél
	Pamedal :	4. Ékologi Sastra
		5. Pangajaran

**Tabél 3.2**  
**Kartu Data Téma**

Kode Data	:
Téma	:
Cutatan	:

**Tabél 3.3**  
**Kartu Data Fakta Carita**

Kode Data	:
Fakta Carita	:
Cutatan	:

**Tabél 3.4**  
**Kartu Data Sarana Carita**

Kode Data	:
Sarana Carita	:
Cutatan	:

**Tabél 3.5**  
**Kartu Data Ékologi Sastra**

Kode Data	:
Unsur Alam	:
Cutatan	:

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana. Di handap mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

**Tabél 3.6**  
**Kartu Data Analisis Téma**

Kode Data	:
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

**Tabél 3.7**  
**Kartu Data Analisis Fakta Carita**

Kode Data	:
Fakta Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

**Tabél 3.8**  
**Kartu Data Analisis Sarana Carita**

Kode Data	:
Sarana Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

**Tabél 3.9**  
**Kartu Data Analisis Ékologi Sastra**

Kode Data	:
Unsur Alam	:
Cutatan	:
Analisis	:

**Tabél 3.10**  
**Analisis Bahan Pangajaran**

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan	Katerangan
1.	Tujuan nu hayang dihontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan samémehna			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélman			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa			